



Inclusive & Interdependent Language Initiative

Inisyativ langaj enklizif ak
entèdepandan

Di sa, pa di sa!

Yon gid nan nivo sistèm pou langaj nou itilize lè n ap pale de elèv ki gen IEP epi pwogram ak sèvis y ap resevwa yo.

Glosè sa a fèt pou fè pwomosyon pou ekite, entèdepandans, ak apatenans lè li bay yon resous nan nivo sistèm pou fòm nou nan langaj ki onore ak dekri avèk presizyon elèv n ap sèvi yo. Yo pral devlope glosè sa a dapre konsansis pami plizyè moun konsène, tankou elèv, fanmi, estaf ak manm kominote a, epi li pral rekonsidere konvansyon ak langaj kontwòl lè sa nesèsè ak posib nan sèvis ekite k ap fè transfòmasyon.

Nou rekonèt, menmsi, li enposib pou nenpòt dokiman, kèlkeswa jan konpreyansyon an ye, pou reflekte chak aspè yon pwoblèm, se poutèt sa, yo pa dwe entèprete glosè a kòm yon fen, men pito kòm yon kòmansman. Y ap revize li dapre chanjman pèspektiv moun konsène, epi li esansyèl pou sonje otorite final la sou langaj ak tèminoloji yo se moun langaj la dekri, kidonk nou dwe toujou aksepte preferans endividyèl. Si ou pa fin sèten ki tèminoloji pou itilize, mande! Si ou pa alèz nan fason yo itilize yon tèm, oswa santi yon lòt moun menm jan an, asime yon entansyon pozitif, fè favè, epi chita pale sou sa. Nou tout toujou ap aprann!

Yo itilize *tèm ki gen yon etwal (*) nan règleman edikasyon espesyal ak nan dosye lajistis, epi yo pa ka chanje san apwobasyon otorite apwopriye a (souvan lwa ak ajans eta oswa federal). Yo eksplike altènativ yo nan nòt ki bay eksplikasyon tèm yo chwazi yo.

Si w ta renmen yo revize glosè sa a, tanpri [ranpli fòm sa a](#) . Yo fè revizyon chak twa mwa. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri pa ezite kontakte nou!



Rejè responsablite:

Tanpri sonje: Preferans ak definisyon ka varye nan diferan lang/tradiksyon.

Tablo konplè tèm yo

Di Sa	Pa di Sa
Elèv ki gen IEP <i>oswa</i> Elèv ki gen andikap	<i>Elèv edikasyon espesyal/Elèv ki gen bezwen espesyal oswa elèv avèk bezwen espesyal</i>
Elèv ki gen andikap emosyonèl	<i>Elèv ED / Elèv ki gen pwoblèm emosyonèl/elèv ki gen twoub emosyonèl</i>
Elèv ki pa gen IEP	<i>Elèv edikasyon jeneral/kamarad ki pa andikape/kamarad k ap devlope nòmalman</i>
Elèv k ap resevwa sèvis enklizif edikasyon espesyal D75	<i>Entegrasyon elèv</i>
Edikasyon espesyal, edikasyon aksesib, enstriksyon espesyalize	<i>SPED</i>
Klas Espesyal	<i>Klas otonòm (self-contained klas)</i>
Elèv ki elijib pou evalyasyon ofisyèl <i>oswa</i> elèv ki elijib pou lòt evalyasyon	<i>Elèv nòmal, evalyasyon altènatif pou elèv, elèv NYSAA</i>
Elèv k ap itilize yon chèz woulant	<i>Wheelchair-Bound, limite/mare nan yon chèz woulant</i>
Elèv k ap resevwa enstriksyon adomisil	<i>Elèv ki lakay yo</i>
Chèche konnen si elèv la ka jwenn aksè nan kontni nivo klas avèk minimòm sipò akademik, <i>oswa</i> si elèv la ap patisipe nan evalyasyon estanda <i>oswa</i> evalyasyon altènatif.	<i>Byen/mal fonksyone Devlope nòmalman</i>
Anviwònman ki plis enklizif	<i>LRE</i>
Plis anviwonman espesyalize	<i>MRE</i>
Pwogram edikasyon espesyal <i>oswa</i> randman/aranjman pwogram <i>oswa</i> pwogram IEP yo rekòmande	<i>Sèvis pwogram</i>
Nan klas <i>oswa</i> yon lòt kote/lokal <i>Kòm yon altènatif:</i> pou enstriksyon primè/debaz <i>oswa</i> enstriksyon siplemantè	<i>Push-in/Pull-out</i>
Elèv ki gen otis, elèv ki nan sèk/kategori otis	<i>Elèv ki gen otis, elèv ki afekte pa otis</i>
Soud <i>oswa</i> pa tande byen	<i>Gen pwoblèm pou tande</i>
Ki pa pale	<i>Ki pa pale/bèbè</i>

Tèm pa kategori

I. Regilasyon

Di Sa	Pa di Sa	Nòt ki bay eksplikasyon
<p>Elèv ki gen IEP oswa Elèv ki gen andikap</p>	<p><i>Elèv edikasyon espesyal/Elèv ki gen bezwen espesyal oswa elèv avèk bezwen espesyal</i></p>	<p>"Elèv ki gen andikap" se yon tèm global ki gen ladan: elèv ki gen IEP elèv ki gen plan 504 elèv nou "sipoze konnen" ki ka gen yon andikap</p> <p>"Elèv ki gen IEP" espesyalman fè referans a elèv ki gen Pwogram Edikasyon Endividyalize (Individualized Educational Programs, IEP) ki dekri espesyalman pwogram, sèvis, ak aranjman lekòl yo oblije bay.</p> <p>Nou chwazi sèvi itilize premye lang moun lè n ap pale de elèv ki gen andikap nan yon nivo pi wo pou nou pa separe yo avèk lòt elèv yo. Nou vle trete tout moun menm jan epi pa fè pèsonn santi yo diferan akòz andikap yo. Sonje, gen yon andikap pa vle di gen yon bagay ki pa nòmal avèk yon moun. Lè n ap pale de elèv ki gen andikap espesifik pou moun nou konnen se premye langaj idantite ki souvan prefere (pa egzanp, elèv ki gen otis ak elèv ki soud) n ap itilize premye langaj idantite.</p>
<p>Anviwònman ki pi enklizif</p>	<p><i>LRE*</i></p>	<p>Tèm sa a chanje ton pou konbat restriksyon pou selebre entegrasyon.</p>
<p>Plis anviwonman espesyalize</p>	<p><i>MRE</i></p>	<p>Menm jan avèk dènye tèm lan, tèm sa retire fokis sou restriksyon pou konsantre sou sa k ap pase nan anviwònman sa yo: elèv ap resevwa èd anplis ke yo bezwen pou reyisi ki ta ka pa travay nan yon anviwònman ki pi enklizif.</p>
<p>d/Soud oswa pa tande byen</p>	<p><i>gen pwoblèm pou tande*</i></p>	<p>Sa a pa konsistan avèk langaj regilasyon an, men li konsistan avèk kòmantè kominote d/soud la ak moun ki mal tande yo.</p>
<p>Elèv ki gen andikap emosyonèl</p>	<p><i>Elèv ED / elèv ki gen pwoblèm emosyonèl/elèv ki gen twoub emosyonèl</i></p>	<p>Nan ete 2022, Eta Nouyòk ansanm avèk anviwon vennsèt lòt eta, te chanje tèm yo itilize pou "twoub emosyonèl" pou "andikap emosyonèl".</p>
<p>Elèv ki elijib pou evalyasyon estanda oswa elèv ki elijib pou evalyasyon altènatif</p>	<p><i>Elèv nòmal, evalyasyon altènatif pou elèv, elèv NYSAA</i></p>	<p>Tèm negatif sa yo fè li sonnen komsa tip evalyasyon an fè pati idantite.</p>

Di Sa	Pa di Sa	Nòt ki bay eksplikasyon
<p>Elèv ki pa gen IEP</p>	<p><i>Elèv edikasyon jeneral*/kamarad ki pa andikape*/kamarad k ap devlope nòmalman</i></p>	<p>Tèm 'elèv ki pa gen IEP' se yon fason san ofans pou pale de elèv ki pa resevwa sèvis edikasyon espesyal. Li rekonèt ke pa gen yon sèl bon fason pou grandi ak aprann. Ekspresyon 'kamarad k ap devlope nòmalman' se yon fason pou di yo konsidere kèk elèv kòm pi nòmal. Men, chak moun gen diferan fòs, feblès, ak bezwen pou sipò nan diferan fason. Lè ou itilize ekspresyon sa a, ou fè kèk elèv santi yo pa bay yo valè epi pa enkli yo. Li ka fè yo santi yo tankou yo pa fè pati gwoup la. Fason pale sa a ka fè yo santi yo pa fè pati aktivite sosyal ak travay lekòl yo.</p> <p>*Kòm nan egzanp sa a, règleman edikasyon espesyal itilize tèm "edikasyon jeneral" pou dekri kourikoulòm, men pa elèv k ap resevwa li.</p>
<p>Elèv k ap resevwa enstriksyon adomisil</p>	<p><i>Elèv ki lakay yo</i></p>	<p>Li enpòtan pou pa itilize mo ki limite oswa mete restriksyon, tankou "fòse/mare." Jodi a, gras avèk teknoloji tankou Zoom, elèv ki pa ka fizikman ale lekòl pa toujou rete chita lakay yo toutan. Yo ka jis pa santi yo byen ase pou ale anpèsòn.</p> <p>*Règleman edikasyon espesyal itilize "lakay (homebound)" pou dekri pwogram adomisil, menm pa elèv k ap resevwa li.</p>

II. Pwogram

Di Sa	Pa di Sa	Nòt ki bay eksplikasyon
Elèv k ap resevwa sèvis enklizif edikasyon espesyal D75	<i>Entegrasyon elèv</i>	Pwogram sèvis enklizif la se pa yon pati nan idantite yon elèv, se yon sèvis ke yo jwenn. Se poutèt sa, li enpòtan pou mete "elèv" anpremye.
Chèche konnen si elèv la ka jwenn aksè nan kontni nivo klas avèk minimòm sipò akademik, oswa si elèv la ap patisipe nan evalyasyon estanda oswa evalyasyon altènatif.	<i>Byen/mal fonksyone Devlope nòmalman</i>	Tèm negatif sa yo baze sou opinyon epi ka varye selon moun lan. Yo pa pran an kont si elèv yo bon nan diferan domèn, oswa ap goumen nan lòt domèn.
Nan klas oswa yon lòt kote/lokal Kòm yon altènatif: Pou enstriksyon primè/debaz oswa enstriksyon siplemantè	<i>push in/pull out</i>	Li pi bon pou itilize mo "nan klas" oswa "nan yon kote apa" paske sa pa fè elèv yo mete yo byen lwen kamarad yo oswa ke terapè yo se etranje. Olye de sa, li montre terapè ak lòt moun k ap ede yo fè pati kominote a ak fè pati salklas la.
Plis anviwonman espesyalize	<i>MRE</i>	Menm jan avèk dènye tèm lan, tèm sa retire fòkis sou restriksyon pou konsantre sou sa k ap pase nan anviwonman sa yo: elèv ap resevwa èd anplis ke yo bezwen pou reyisi ki ta ka pa travay nan yon anviwonman ki pi enklizif.
Klas Espesyal*	<i>Klas otonòm (self-contained klas)*</i>	Tèm "klas otonòm" la vle di ke elèv ki nan gwoup sa a dwe, ak an reyalyte, totalman separe de kamarad ki nan menm nivo klas li a, sa ki pa vre epi ki kreye yon diferans ki pa nesèsè ki ka mennen diskriminasyon. * Yo itilize * Tou de "klas espesyal ak "klas otonòm" nan règleman ak IEP, sa ki fè yo difisil pou chanje, men nou panse yo dwe fè chanjman ijan pou "klas otonòm".

Di Sa	Pa di Sa	Nòt ki bay eksplikasyon
Elèv ki gen otis, elèv ki nan sèk/kategori otis la,	<i>elèv ki gen otis*, elèv ki afekte pa otis</i>	Yo itilize *"Elèv ki gen otis" nan règleman.
Pwogram edikasyon espesyal oswa randman/aranjman pwogram oswa pwogram IEP yo rekòmande	<i>sèvis pou pwogram</i>	Tèm 'sèvis pou pwogram' pa klè epi li ka vle di anpil diferan sèvis ke Lekòl Leta Vil Nouyòk ofri pou tout elèv li yo, pa sèlman sa IEP sijere pou elèv espesifik sa a.

III. Tèm jeneral

Di Sa	Pa di Sa	Nòt ki bay eksplikasyon
Elèv k ap itilize yon chèz woulant	<i>Wheelchair Bound, limite/mare nan yon chèz woulant</i>	Yon elèv ki sèvi avèk yon chèz woulant itilize li pou ede li deplase, li ka chita sou li pou yon bon tan nan jounen an, men li pa "mare" avèk li.
Ki pa pale	<i>Ki pa pale/bèbè</i>	

Resous

Resous pou tèm pozitif

Elèv ki gen IEP oswa Elèv ki gen andikap

[Defansè moun ki gen andikap, ekspè mande pou sispann di](#) "bezwen espesyal."

[Rezo pou sipò ak resous](#) eksplike premye langaj oswa premye langaj ki idantifye moun sa a enpòtan dapre preferans pèsònèl. Si w gen dout, mande moun lan kisa li prefere.

Atik [Cerebral Palsy org](#) sa a espesyalman eksplike poukisa nou pa dwe di "elèv edikasyon espesyal."

Soud oswa pa tande byen

[Enfòmasyon sa a ki soti nan Asosyasyon Nasyonal moun Soud](#) pale sou enpòtans kominote ak kilti pou moun ki soud. Li eksplike lè w soud se pa yon bagay ki bezwen ranje oswa geri, jan yon "defisyans" sijere li. Olye de sa, yo wè soud kòm yon bagay ou dwe fyè de li, yon pati enpòtan nan ki moun ou ye. Se yon fason pou konekte avèk lòt moun ki soud ak pataje yon kilti espesyal.

Elèv ki gen otis, elèv ki nan sèk/kategori otis la

[The Autistic Self Advocacy Network says](#) di lè w itilize premye langaj moun lan nan sitiasyon sa a ka fè li panse otis se yon bagay ki bezwen geri epi retire nan idantite yon moun. Men, anpil moun wè otis kòm yon pati nan idantite moun yo ye epi yon bagay yo fyè de li. Se pa yon bagay ki pa fè pati de yo. Se yon fason pou yo konekte avèk lòt moun epi fè pati yon kilti espesyal.

Elèv k ap itilize yon chèz woulant

Gid [estil NIH](#) la a di ke "teknoloji ak sèvis asistans dwe prezante kòm èd ak akomodasyon pou yon moun olye ke yo fè li "korige" oswa mete aksan sou limit yo.

Ki pa pale

[Guild for Human Services](#) di kèk moun prefere tèm "nonspeaking" olye de "nonverbal" paske "nonverbal" ta ka fè li sanble tankou moun sa yo pa ka itilize oswa konprann okenn mo ditou. An reyalite, yo ka itilize ak konprann mo, yo jis gen difikilte pou pale/di mo yo.

Resous pou tèm negatif

Elèv ki gen IEP oswa Elèv ki gen andikap

[Etid sa a](#) te prevwa epi obsève moun yo wè pi negatif lè yo dekri kòm gen "bezwen espesyal" pase lè yo dekri kòm gen yon "enfimite" oswa yo gen yon "sèten andikap," ki endike ke bezwen espesyal se yon efemiz ki pa efikas.

Anviwònman ki pi enklizif

[Gouvènman federal la defini anviwònman ki gen mwen restriksyon \(least restrictive environment, LRE\)](#) nan yon fason ki relate avèk bezwen chak elèv ki diferan de aplikasyon estatik ak literal nan tèm ki itilize kolokialman.

Elèv ki gen andikap emosyonèl

Atik [Chalkbeat](#) sa a mete aksan sou pèspektiv defansè ak moun ki konsène sou etikèt "twoub emosyonèl" la, pale sou klasifikasyon "stigmatize timoun ki gen sèten diferans nan konpòtman epi ki aplike nan gwo pwopòsyon timoun ki gen koulè".